

LEKÒL PIBLIK BOSTON



BIWO SIPÈENTANDAN AN

26 Oktòb, 2007

Chè Fanmi e Pèsonèl Lekòl Piblik Boston yo:

Nou ekri lèt sa a pou nou enfòmè ou sou yon kozman lasante k ap resevwa anpil atansyon nanmen medya a, e nou konprann kijan paran yo konsène avèk kozman sa a: *methicillin-resistant staphylococcus aureus* (MRSA), ke nou pi konnen pibyen kòm yon maladi nou rele “**staph**” **infection**. Distrik Lekòl nou an ap travay kole kole avèk ajans sante piblik yo, enfimiyè lekòl yo, ak lòt antite pou nou jwenn enfòmasyon pou fanmi yo ak edikatè nou yo, pou nou ka sigjere pou yo kèk fason senp pou yo ede elèv yo evite risk pou yo pa tonbe anba maladi sa a.

Nou voye avèk lèt sa a yon bilten ou “fact sheet” de Depatman Sante Piblik nan Massachusetts lan ki gen ladan li bonjan enfòmasyon konsènan enfeksyon an, avèk kèk estrateji itil pou nou bare wout pou risk mikwòb sa pòte avèk li. Nou gen piplis enfòmasyon pi espesyalman pou lekòl nou yo e ki disponib sou “websites” piba yo:

Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control):

<http://www.cdc.gov/Features/MRSAinSchools/>

Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health):

http://www.mass.gov/dph/cdc/antibiotic/mrsa_school_health.htm

Nou asire ou sante ak sekirite elèv ak pèsonèl nou yo okipe yon wòl priyorite nan nan lespri nou. Si ou gen kesyon, oubyen konsèn, pran kontak ak doktè fanmi ou ou avèk enfimiyè lekòl ou an.

An tout senserite,

Dr. Carol R. Johnson
Sipèentandan

Akonpayman (Enclosure)